

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Objék dina ieu panalungtikan nya éta novél *Béntang Pasantrén* karangan H. Usép Romli HM. Anu jadi objék talaahna nya éta analisis novél disawang tina unsur objéktif/struktural anu ngagunakeun téori Robert Stanton. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé nganalisis unsur ékspresif pangarangna ditilik tina biografi, ide, imajinasi, jeung spontanitas kana hasil karanganana anu ngagunakeun métodé déskripsi analisis sarta bisa dilarapkeun jeung dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca pedaran novél di SMA kelas XI. Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis unsur objéktif jeung unsur ékspresif sarta bisa dilarapkeunna dina pangajaran maca pedaran sastra, dicindekkeun saperti ieu di handap.

Sacara unsur objéktif/struktural, hasil anu aya dina novél *Béntang Pasantrén* téh téma caritana nyaritakeun perjuangan hiji santri anu mideudeuh mustika pasantrén, jeung nurutna kana papatah kolot sangkan teu ngamomorékeun waktu salila ngumbara di dunya. Fakta carita anu aya dina novél ngawengku galur, latar, jeung palaku. Galur anu dipaké dina ieu carita maké galur maju-mundur-maju. Carita dimimitian ku ayana bagian carita saperti biasa, satuluyna ngabayangkeun kajadian sababaraha waktu ka tukang, jeung nuluykeun deui caritaan saméméhna nu kaalaman ku palakuna. Latar waktu, tempat, jeung sosial ogé kapanggih dina eusi carita. Latar waktu sapopoé kaalaman di dieu, ti mimiti isuk-isuk nepi ka peutingna. Patempatan anu dipaké dina ieu carita ngagunakeun pasantrén jeung sabudeureunana salaku objék caritaan anu disaluyukeun jeung judul novélna sorangan, anapon latar sosial di dieu kagambar antara jalma anu pernah ngalaman jeung ngulik élmu di pasantrén di mana eusina loba élmu ka uhrowian, jeung jalma biasa anu meunangkeun élmu kaduniawian hungkul. Sarta palaku utama dina ieu carita kawilang loba nya éta Aép, Imas, Padil, Bi Mu'ah, Lurah Santri,

jeung Jumad. Sarana carita anu nyampak dina eusi novél ngawengku judul, puseur panitén, gaya basa, sarta nada/suasana. Judul novél geus nonggérak *Béntang Pasantren* anu nyaritakeun palaku aya patalina jeung mustika pasantren. Puseur panitén pangarang dina ieu novél, pangarang ngajadikeun dirina salaku palaku jalma ka hiji (Aép) anu serba apal boh kana kaayaan dirina boh anu kaalaman ku palaku séjén. Gaya basa anu dipaké mangrupa gaya basa Sunda sapopoé anu direumbeuyan ku basa Arab sangkan nandeskeun lingkungan di pasantrian (pasantren) dina unggal obrolan antar palakuna. Salian ti éta aya ogé gaya basa rarahulan anu dipaké pikeun nambahan sari dina ieu carita. Suasana ogé kapanggih nya éta suasana Aép munggaran di pasantren, nalika meunang panajir tina kasalahan, suasana babalik pikir migawé laku-lampah anu hadé sangkan teu ngamomórekeun kana waktu, ogé suasana jiwa palaku nalika ngabayang-bayang jeung ngobrol bareng jeung pujaning ati.

Salian ti unsur objéktif/struktural, anu jadi objék panalungtikan ogé nya éta unsur éksprésif di diri pangarangna anu ngawengku: biografi, ide/gagasan, imajinasi, spontanitas, komtemplasi, pangalaman, integrasi, kapribadian, émosi, jeung konsép seni anu disawang tina jihat pangarangna.

Patali jeung larapna kana pangajaran di sakola, novél *Béntang Pasantren* luyu dijadikeun salasahiji alternatif pangajaran pedaran sastra di SMA lantaran eusina ngandung ajén-ajén moral anu hadé sarta bisa dijadikeun pieunteungeun pikeun siswa dina kahirupan sapopoé.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan mangrupa analisis unsur kasusastraan, anu disawang tina jihat objéktif jeung éksprésif. Bédana ieu panalungtikan téh dipatalikeun jeung pangajaran di sakola. Panalungtikan anu dilaksanakeun lolobana kana larapan modél pangajaran, budaya, jeung kabasaan, sedengkeun anu nalungtik dina widang sastra dipatalikeun jeung pangajaran mah masih kénéh kurang.

Ieu panalungtikan tangtuna can sampurna, ku kituna pikeun ngeuyeuban khasanah kasastraan Sunda jeung nambahan pangaweruh anu leuwih jero dina widang sastra, kudu diayakeun panalungtikan séjén kalawan ulikan jeung masalahna. Aya sababaraha saran tina ieu hasil panalungtikan pikeun dunya atikan, mahasiswa, jeung masarakat umum, saperti anu disebutkeun ieu di handap.

1) Pikeun Dunya Atikan.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun salasihiji alternatif bahan pangajaran di sakola hususna ku guru basa Sunda.

2) Pikeun Mahasiswa.

Tina ieu panalungtikan dipiharep ayana panalungtikan-panalungtikan séjénna hususna dina widang kasastraan kalawan ulikan anu béda sarta dipatalikeun jeung pangajaran di sakola sangkan bisa ngaronjatkeun dunya atikan dina widang analisis kasastraan.

3) Pikeun Masarakat Umum.

Ieu panalungtikan jeung eusi carita novél dipiharep bisa dijadikeun bahan pieunteungeun dina kahirupan, méré sawangan kana gambaran jeung kasadaran dina ngalumangsungkeun kahirupan. Ogé, ku ayana ieu panalungtikan masarakat bisa terus ngamumulé dunya karya sastra Sunda.